# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

पच्छिमी उत्तर प्रदेस के लोकसभा क सोरह सीटिनि बदे चुनाव प्रक्रिया येही महिन्ना सुरू हो जाई। एहमें आट सीटि– सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत में पहिला फेरा के दौरान ओन्नइस अपरैल के ओट परी। अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा लोकसभा सीटिनि पर दुसरका फेरा में छब्बीस अपरैल के ओट परी। येह सज्जो लोकसभा सीटिनि पर निर्वाचन आयोग चुनाव क तइयारी तेज कइ दिहले हौ। पहिला फेरा में सहारनपुर में प्रस्तावित चुनाव के देखत ओहां क जिला निर्वाचन अधिकारी काल्हि बइठकी कइ के तइयारियन क पुरहर समीक्षा कइलें। उहां के बतवलीं कि सहारनपुर लोकसभा सीटि बदे निर्वाचन अधिसूचना बीस मार्च क जारी हो जाई। परचा दाखिल कइले क आखिरी तारीख सत्ताइस मार्च होई। अट्ठाइस मार्च के परचन क जांचि कइल जाई अउर तीस मार्च ले नांव वापिस लिहल जा सकी। ओहीं दुसरका फेरा बदे गौरतमबुद्धनगर लोकसभा सीटियो पर येही महिन्ना अट्ठाइस मार्च से परचा दाखिल कइल जाई। चारि अपरेल ले परचा दाखिल कइल जा सकी। पांच अपरैल के परचन क जांचि कइल जाई अउर आठ अपरैल ले नांव वापिस लिहल जा सकी।

पूरबी उत्तर प्रदेस क एक्कइस लोकसभा सीटिनि बदे मतदान छठवां अउर सतवां फेरा में होई। एहमें अंबेडकरनगर, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर में छठवां फेरा में पचीस मई के ओट डारल जाई, जबकि महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर रॉबर्टसगंज में सतवां फेरा में एक जून के ओट परी। येहू सज्जो जिलन में आदर्स आचार संहिता क कड़ाई से पालन करावल जा रहल हौ अउर राजनीतिक दलन क पोस्टर, बैनर अउर परचार क समान हटावल जा रहल हौ।

**********

भारत निर्वाचन आयोग आदर्स आचार संहिता के परभावी कार्यान्वयन बदे सज्जो राज्यन के दिसा–निरदेस जारी कइले हौ। कैबिनेट सचिव, राज्यन क मुख्य सचिवन अउर मुख्य निर्वाचन अधिकारियन के निर्वाचन आयोग कहले हवे कि वॉल पेन्टिंग, पोस्टर, परचा अउर येह तरह क सज्जो समानन के चुनाव घोसणा के चउबीस घंटा के भित्तर हटा लिहल जाए।

आयोग के दिसा–निरदेसन के मोताबिक इलेक्ट्रॉनिक अउर प्रिंट मीडिया पर सरकार के उपलब्धियन क जनकारी देवे वाला विज्ञापन क अनुमति नाही होई। सथहीं मुख्य निर्वाचन अधिकारी अउर जिला चुनाव अधिकारी कउनहू राजनीतिक कार्यक्रम क फोटो राज्य सरकार के विभागन के वेबसाइट से जुरते हटइहें।

**********

लोकसभा चुनाव के देखत प्रदेस के सैक्षणिक संस्थाननों में कई तरह से मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवे। येही कड़ी में मेरठ के चौधरी चरण सिंह विश्वविद्यालय के ललित कला विभो अउर एएन कॉलेज के चित्रकला विभाग क विद्यार्थी लोगि आजु चेहरा पर फोटो बना के ओट डरले क सनेसा दिहलें। येह मौका पर टैटू के जरिये लोगिन के मतदान क महातम के समझावल गइल अउर आवे वाला लोकसभा चुनाव में ओट डरले क अपीलि कइल गइल। कार्यक्रम क संयोजग प्रोफेसर अलका तिवारी बतउलिनि कि जनौरी दुइ हजार चउबीस से अलगि–अलगि प्रतियोगिता के जरिया से मतदाता जागरूकता क कोसिस कइल जा रहल हौ।

**********

दत्तात्रेय होसाबले एक बेरि फेर राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ क सरकार्यवाहक चुनि लिहल कइलें। उनकर चयन संघ क अखिल भारतीय प्रतिनिधि सभा कइलस। श्री कौसाबले क कार्यकाल बरिस दुइ हजार सत्ताइस ले रही।

अखिल भारतीय प्रतिनिधि सभा क तीनि दिन क ई वार्षिक आयोजन नागपुर के रेसमाबाग इलाका में स्मृति भवन परिसर में सुक्क से सुरू भइल रहे, जेहमें संघ से जुड़ल संगठनन क डेढ़ हजार से जियादे प्रतिनिधियन क भागीदारी रहल।

**********

मथुरा जिला के बरसाना में होली क उत्सव जोरिया रहल हौ। आजु ओहां क प्रमुख श्रीजी मंदिर में उछाह के साथे लड्डू फेक होली खेलल गइल। ई होली बरसाला क विस्व प्रसिद्ध लट्ठमार होली के ठिक्के एक दिन पहिले खेलले क रिवाज हौ। नंदगांव क हुरियारन के बरसाना क लट्ठमार होली खेले बदे एगो दूत के न्यौता देवे बदे भेजल जाला। पांडा नांव क मसहूर जब ई दूत वापिस बरसाना लवटेला त श्रीजी मंदिर में लड्डू फेंकि के ओकर स्वागत कइल जाला। ओके गुलाल के साथे–साथे तोहफो दिहले क रिवाज हौ। बरसाना के लाडली मंदिरो में आजु लड्डू फेक होली खेलल गइल, जेके देखे बदे लाखों सरधालु उमड़ि परलें। येह मंदिर में राधारानी क सेवायत की ओरि से सरधालुअन पर लड्डू फेंकि के ई होली सुरू कइले क रिवाज हौ। एकरे बाद सरधालु एक–दुसरे पर लड्डू फेंक होली क आनंद उठावे लें। होली में इस्तेमाल कइल गइल लड्डू के सरधालु अपने साथे परसादी के रूपो में ले जालें।

**********

उत्तर प्रदेस राज्य कैनोइंग चौंपियनसिप दुइ हजार चउबीस क दुइ दिन क प्रतियोगिता कानपुर नगर के बोट क्लब परिसर में आजु से सुरू हो गइल। एकर सुरूआत कानपुर क मण्डलायुक्त अमित कुमार अउर जिलाधिकारी राकेश कुमार सिंह कइलें। एहमें कई जिलन से सत्तर खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हवें। प्रतियोगिता के जरिये लोगिन के मतदान अउर पर्यावरण संरक्षण के प्रति जागरूकताो कइल जा रहल हौ।

**********